

Pa gen ase lèt an poud pou tibebe: Kisa moun New York yo ka fè



Akòz kontinye pa gen ase lèt an poud pou tibebe, anpil mak yo pa ret lèt an poud ankò nan depo. Pandan n ap tann pou retounen gen plis lèt an poud nan depo, men kèk ti konsèy moun New York yo ka swiv pandan moman sa a.

✓ Sa pou w fè

- Kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou l ka gide w.
- Swiv enstriksyon fabrikan lèt an poud pou timoun yo bay pou prepare yo ak fason pou konsève yo.
- Jwenn yon magazen WIC (Women, Infants and Children, WIC) ki ka gen lèt an poud pou timoun nan depo. Fanmi yo ki gen WIC ka ale sou nyswicvendors.com/find-a-wic-store.
- Al nan magazen ak famasi ki pi piti yo ki konn vann lèt an poud pou tibebe. Rele avan pou wè si yo gen lèt an poud nan depo.

✗ Sa pou w pa fè:

- **Pa** itilize resèt sou entènèt pou fè pwòp lèt an poud ou lakay ou .
- **Pa** dilye lèt an poud la ak plis dlo pou fè l dire pi lontan.
- **Pa** itilize lèt an poud pou timoun yo si tibebe w la gen mwens pase 1 an.
- **Pa** itilize lèt bèf sofsi tibebe w la gen plis pase 6 mwa epi li konn bwè lèt an poud nòmal la.

Men kèk resous si w pa gen mwayen pou achte lèt an poud pou tibebe:

- WIC: Kontakte biwo WIC la oswa fè Wanda, robo tchat Depatman an, evalye w avan pou wè si tibebe w la kalifye pou l jwenn avantaj WIC yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou health.ny.gov/prevention/nutrition/wic.
- Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP): Ou ka itilize kat transfè avantaj elektwonik SNAP ou a (ke yo te konn rele food stamps lan) pou w achte lèt an poud pou tibebe. Si w enskri nan WIC, ou ka kalifye pou SNAP tou.
- Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF): Pwogram sa a ofri fanmi ki kalifye yo èd lajan kach pou yon ti tan. Pou w konn kote pwogram TANF la ye nan eta w la, al sou acf.hhs.gov/ofa/map/about/help-families.

Li ilegal pou monte pri yo wotè tèt. Si w wè ka kote moun vrèman monte pri lèt an poud pou tibebe yo anpil nèt, tanpri rapòte enkyetid ou bay Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè NYC a. Al sou nyc.gov/dcwp oswa rele 311 epi di “overcharge” (fè peye twò chè).